



Angajman Edikatè pou Tibebe Dòmi an Sekirite pou Redwi Risk Sendwòm Lanmò Tibebe Sanzatann (SIDS)

Tout edikatè k ap pran swen tibebe dwe pwomèt ke yo ap respekte [règleman, politik ak pwosedi EEC](#) sou Dòmi an Sekirite pou chak tibebe ki gen mwens pase 12 mwa ki nan swen/gadri yo. Sa yo ki enkli, men pa limite ak sa yo sèlman:

Pale sou dòmi an sekirite ak fanmi yo atravè:

- Diskite sou pratik Dòmi an Sekirite ak paran yo epi bay enfòmasyon sou Dòmi an Sekirite;
- Enfòmè paran yo sou obligasyon pwogram nan genyen pou li respekte politik ak règleman EEC sou Dòmi an Sekirite; epi
- Enfòmè paran yo sou pwosedi pwogram nan si ta gen yon ijans.

Fè dòmi vin yon ti moman ki an sekirite lè w:

- Toujou mete tibebe ki poko gen 12 mwa sou do yo lè w ap mete yo pou yo fè yon ti dòmi/kabicha, repoze, oswa dòmi.
- Toujou mete tibebe yo sou yon sifas pou dòmi ki solid, plat, epi ki pa gen pant.
- Toujou itilize bèso ki an sekirite ak ekipman dòmi ki apwouve pou tibebe.
- Toujou kenbe objè ki mou ak dra ki lach deyò nan espas kote tibebe a dòmi an, sa ki enkli atik yo itilize pou anvlòpe tibebe.
- Toujou bay chak tibebe yon espas endividyèl pou yo dòmi.
- Toujou evite twòp chalè ak kouvri tèt tibebe yo panadan yo ap dòmi.
- Toujou asire ke tétine yo itilize pandan y ap dòmi pa gen okenn konpozan oswa atachman anplis.
- Toujou retire boutèy yo nan espas tibebe yo dòmi an anvan yo ale dòmi.
- Toujou retire bijou sou tibebe yo anvan yo dòmi.
- Toujou retire objè ki pandye nan espas kote tibebe a dòmi an.
- Toujou sipèvize tibebe a pandan y ap dòmi, an akò ak pratik pou dòmi an sekirite.

Nan ka gen yon ijans, nou ap:

- Rele 911 imedyatman.

- Asire w ke omwen gen yon moun ki gen sètifikasyon pou fè CPR ak Premye Swen ki toujou disponib sou plas lè gen timoun prezan.

Mwen konprann ke EEC ka pran aksyon ki negatif ak enpòtan byen rapid si yo jwenn nenpòt lòt vyolasyon ki gen rapò ak Dòmi an Sekirite nan pwogram swen/gadri timoun mwen an, aksyon tankou bloke enskripsyon tibebe yo, revokasyon, sispansyon, ak/oswa refi pou renouvle lisans pwogram mwen an.

Siyati Titilè Lisans la oswa Moun yo Deziyen an

Dat